

**DIAJAR NGANALISIS STRUKTUR SARENG KABAHASAAN TÉKS  
ÉKSPLANASI NGAGUNAKEUN MODEL *THINK TALK WRITE* (TTW)  
PIKEUN SISWA KELAS XI SMA PASUNDAN 8 BANDUNG  
TAUN AJARAN 2023/2024**

**Ku:**

**HERNAWATI  
175030075**

**RINGKESAN**

Ieu panalungtikan ngabahas pangajaran nganalisis struktur sareng kabahasaan téks éksplanasi ngagunakeun model *Think Talk Write* (TTW) anu dilaksanakeun di SMA Pasundan 8 Bandung pikeun siswa kelas XI. Panalungtikan ieu disababkeun ku sababaraha masalah sampeureun kana tujuan anu hoyong kahontal. Panalungtikan ieu tujuanna pikeun ngetes kapabilitas panulis dina ngarencanakeun, ngalaksanakeun, sareng menegetan pangajaran, ngetes aya henteu paningkatan kapabilitas siswa dina nganalisis struktur sareng kabahasaan téks éksplanasi, sareng ngetes efektifna model *Think Talk Write* (TTW) anu digunakeun dina pangajaran nganalisis struktur sareng kabahasaan téks éksplanasi. Panalungtikan ieu nyaéta panalungtikan kuantitatif kalayan métode eksperimen. Teknik ngempelkeun data anu dilaksanakeun nyaéta ku observasi (lémbar pengamatan), tes, dokumentasi, sareng analisis. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén (1) panulis mampuh dina ngarencanakeun, ngalaksanakeun, sareng evaluasi kagiatan pangajaran nganalisis struktur sareng kabahasaan téks éksplanasi ngagunakeun model *Think Talk Write* (TTW). Hal ieu tiasa dibuktoskeun ti hasil nilai rata-rata panulis dina ngarencanaan 3,78 sareng nilai rata-rata ngalaksaneun pangajaran 3,77. Panilaian éta kalebet kana katagori A (Sangat Baik). (2) Siswa ngalaman paningkatan kapabilitas dina pangajaran nganalisis struktur sareng kabahasaan téks éksplanasi ngagunakeun model *Think Talk Write* (TTW). Hal ieu dibuktoskeun ku hasil nilai rata-rata kagiatan *pascates* anu aya paningkatan tina kagiatan prates. Hasil rata-rata prates dina kelas eksperimen nyaéta 47,5 sareng aya paningkatan dina kagiatan *pascates* jadi 90,8. (3) Model pangajaran *Think Talk Write* (TTW) éféktif digunakeun dina pangajaran nganalisis struktur sareng kabahasaan téks éksplanasi. Ieu dibuktikeun ku hasil analisis ngagunakeun uji *wilcoxon* nu dilaksanakeun ku panulis. Tina uji *wilcoxon* éta, rata-rata tina kelas eksperimen kalayan ngagunakeun model *Think Talk Write* (TTW) nyaritakeun total nilai 90,85. Tapi rata-rata tina kelas kontrol kalayan ngagunakeun model *lecture learning* nyaritakeun total nilai 66,00. Dibuktikeun ogé ku hasil Sig (*2-tailed*) tina uji *wilcoxon* nyaéta  $0,000 < 0,05$ .

**Kata kunci: Diajar, Nganalisis, Struktur sareng Kabahasaan, Téks Éksplanasi, Model TTW**